

Sèvi ak zouti Entelijans Atifisyèl pandan nan respè pou divèsite ak enklizyon

27 septanm 2023

Chè Kominote UMD,

Pandan n ap eksplòre itilizasyon zouti Entelijans Atifisyèl jeneratif yo ak opòtinite yo ofri, li enpòtan pou nou sonje avantaj nou jwenn nan itilize zouti Entelijans Atifisyèl jeneratif yo kapab gen risk. An patikilye, li enpòtan anpil pou nou reponn pwoblèm divèsite, ekite ak enklizyon ki parèt alantou itilizasyon zouti sa yo.

Premyèman, gwo modèl langaj tankou ChatGPT yo fòme gras avèk done ki egziste deja ki pa ka divèsiye, ni reprezantatif. Sa vle di, menm zouti Entelijans Atifisyèl jeneratif (Generative AI, GAI) ki konstwi ak pi bon entansyon yo ka jenere kontni k ap kenbe estereyotip, fè diskriminasyon kont kèk gwoup oswa ekate divès pèspektiv. Pandan n ap fè eksperyans epi n ap adopte zouti GAI yo, se devwa nou antanke itilizatè ak manm kominote UMD a pou nou defann seri done enklizif ak reprezantatif yo epi pou nou byen reflechi sou ki jan yo kapab wè rezilta nou itilize yo.

Anplis de sa, kòm vèsyon esè gratis zouti Entelijans Atifisyèl yo kòmanse ekspire, nou ka wè pwoblèm aksè pou moun ki pa kapab peye vèsyon premyòm yo, sa k ap kreye eka nimerik la pi plis. UMD ap eksplòre zouti antrepriz yo pou fè zouti sa yo vin pi aksesib.

Anplis, genyen enkyetid konsènan vwa endividyèl itilizatè yo ap pèdi akòz itilizasyon zouti sa yo. Si nou sèlman itilize modèl langaj estanda zouti Entelijans Atifisyèl yo souvan itilize yo, nou riske rate sibtilite, rejyonalism, ekspresyon idyomatik ak lòt fason pou itilize lang lan nan yon fason ki diferan epi ki kreyatif. Mwen ankouraje etidyan k ap itilize platfòm sa yo pou yo anbrase pwòp vwa inik yo, epi mwen ankouraje manm kò pwofesoral nou yo pou yo ankouraje yon kilti konfyans nan ekspresyon pèsònèl.

Zouti Entelijans Atifisyèl yo pwomèt pou nou y ap ede nou rasyonalize travay nou epi y ap ede nou sèvi ak tan nou nan yon fason ki pi efikas, epi gen aplikasyon ki fè mwen kontan anpil pou mwen ogmante divèsite, ekite ak enklizyon sou kanpis nou an ak pi lwen kanpis la. Nouvo zouti Entelijans Atifisyèl ap ofri karakteristik deteksyon prejije, pa egzanp, ki ka ede nou kolektivman pou nou kapab pi byen kreye kontni ki aksesib, abòdab ak akeyan pou tout moun.

Sonje byen, anplwaye k ap itilize zouti Entelijans Atifisyèl nan kad fonksyon pwofesyonèl yo dwe swiv [enstriksyon UMD yo](#) sou itilizasyon Entelijans Atifisyèl jeneratif yo. Elèv yo ak pwofesè yo ta dwe familiarize yo ak [enstriksyon inivèsite a](#).

M ap tann avèk enpasyans pou nou travay ansanm kòm yon kominote pou nou jwenn fason pou nou sèvi ak zouti sa yo nan kad benefis kolektif nou an.

Sensèman,

A handwritten signature in black ink, appearing to read 'Georgina Dodge'.

Georgina Dodge, Doktè

Vis Prezidan pou Divèsite ak Enklizyon

Li (Fanm)